

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan hal-hal anu aya patalina jeung métode panalungtikan nya éta: desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung prosedur panalungtikan. Sangkan ngahasilkeun panalungtikan anu hadé, tangtuna kudu dibarengan ku métode anu tangtu.


Métode panalungtikan nyaéta cara ilmiah pikeun nyangking data kalayan udagan jeung kagunaan anu tangtu (Sugiyono, 2020, kc. 2). Ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan anu digunakeun pikeun nalungtik fénoména atawa kaayaan anu karandapan ku objék panalungtikan saperti paripolah, pamikiran, motivasi, jrrd (Moleong, 2017, kc. 6).

Panalungtikan kualitatif sifatna déskriptif, datana dipidangkeun dina wangun kekecapan atawa gambar-gambar, lain dina wangun angka-angka. Data ilaharna mangrupa catetan, foto-foto, rékaman, dokumén, memorandum, atawa catetan resmi lianna (Semi, 2021, kc. 30-31). Nurutkeun Sugiyono (2020, kc. 9) data kualitatif nyaéta data nu wangunna kecap, kalimah, narasi, gerak awak, éksprési beungeut, bagan, gambar, jeung foto.

Métode déskriptif nyaéta métode panalungtikan anu digunakeun pikeun néangan gambaran atawa déskripsi ngeunaan hiji kaayaan sacara objéktif. Métode déskriptif ogé dilakukeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan nu dibarung ku téhnik sarta alat nu tangtu, anu hasil ahirna ditulis dina wangun laporan (Arikunto, 2013, kc. 203). Ieu métode dipaké pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis struktur carita jeung ajén moral anu aya dina novel *Sambang*.

3.1 Desain Panalungtikan

Unggal panalungtikan miboga léngkah-léngkah anu pasti ti mimiti tatahar nepi ka nyieun laporan. Dina ieu panalungtikan ogé tangtu miboga léngkah-léngkah panalungtikan, atawa biasa disebut desain panalungtikan. Anapon léngkah-léngkahna nya éta tahap tatahar, ngarumuskeun masalah, ngumpulkeun data, ngolah data hasil panalungtikan, nyieun kacindekan, sarta nyusun laporan. Desain panalungtikan kagambar dina ieu bagan di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Unggal panalungtikan miboga data minangka tujuan jeung hasil ogé sumber data salaku objék anu ditalungtik. Dina ieu subab dipedar ngeunaan data jeung sumber data dina ieu panalungtikan.

3.2.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sagala rupa informasi ngeunaan struktur carita jeung ajén moral anu nyampak dina novel *Sambang* karya Dian Héndrayana.


3.2.2 Sumber Data

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Sambang* karya Dian Héndrayana. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap dipedar ngeunaan idéntitas novel, sinopsis, jeung profil pangarangna.

1) Idéntitas Novel

Judul : *Sambang*
 Pangarang : Dian Héndrayana
 Kandel Kaca : 60 kaca
 Taun medal : 2023
 Penerbit : KSB Rawayan
 Citakan : Kahiji
 Ukuran : 15 x 21 cm
 Gambar Buku : Budak lalaki jeung lima kembang
 Warna Jilid : Biru ngora

Ieu di handap aya gambar jilid hareup novel *Sambang* karya Dian Héndrayana.



Gambar 3.1
Jilid Novel Sambang

Novel *Sambang* dibagi jadi 10 épisode, nya éta: 1) “Dongéng Uwa”, 2) “Liburan”, 3) “Miang ka Pangandaran”, 4) “Seungit Kembang”, 5) “Tragédi Sunrise”, 6) “Ka Mana Ryan?”, 7) “Budak Leungit”, 8) “Baluwas”, 9) “Kedah Ditalingakeun”, jeung 10) “Nu Marulang”.

2) Sinopsis Novel *Sambang*

Ieu novel téh nyaritakeun tokoh kuring anu keur karumpul jeung dulur-dulurna, nungguan si Uwa ngadongéng. Si Uwa unggal peuting ngadongéng di hareupeun barudak. Peuting harita si Uwa ngadongéngkeun hiji kulawarga. Kulawarga Pa Hérdi, Bu Hérdi, Nazwa, jeung Ryan. Nyaritakeun Nazwa jeung

Ryan téh keur liburan sakola, hayang pisan liburan ka Pangandaran. Bu Hérdi usul ka Pa Hérdi pikeun cuti tina pagawéanna sangkan bisa liburan jeung kulawargana ka Pangandaran. Pa Hérdi meunang ijin cuti ti kantor pikeun liburan ka Pangandaran salila opat poé. Pa Hérdi jeung kulawarga mangkat ka Pangandaran bada isa sangkan leuwih laluasa bari muru meleték panon poé di Pangandaran. Carita mimiti aya konflik nalika kulawarga Pa Hérdi di perjalanan ka Pangandaran, ti mimiti seungit kembang malati, seungit kembang kananga, Ryan ujug-ujug nitah Pa Hérdi nyetél lagu Sunda “Bangbung Hideung”, jrrd. Fokus caritana nyaéta Pa Hérdi jeung kulawarga dina ngungkulan pasualan-pasualan anu karandapan salila liburan ka Pangandaran.

3) Profil Pangarang



Gambar 3.2
Dian Héndrayana

Dian Héndrayana lahir di Subang. Ngagabung dina Kelompok Studi Budaya Sunda RAWAYAN, kelompok sastra katut budaya Sunda. Dian aktif nulis dina basa Sunda jeung Indonésia. Dina wangun prosa, karangan Dian mangrupa carpon jeung novel. Carpon-carponna kungsi dilélér Hadiah Sastra LBSS, Hadiah Pinilih Manglé, Hadiah DK Ardiwinata, jeung Hadiah PPSS-Disparbud Jabar. Salah sahiji carponna dina basa Indonésia *Serat Bimbang* (dimuat di HU Bandung Pos) ditetepkeun ku DKJ jadi Sepuluh Cerpen Indonésia terbaik nu dimuat dina surat kabar sa-Indonésia taun 1999. Lian ti nulis prosa, Dian gé nulis naskah drama, naskah monolog, naskah komik, rumpaka lagu, naskah oratorium, opera, jeung sétra karasemén. Naskah oratoriumna *Hyang Rumingkang* dipagelarkeun dina peutingan Dies Natalis UNPAD taun 1994. Tau 2015 Dian kabiruyungan nampa

Hadiah Sastra Rancagé pikeun buku Kumpulan guguritanana *Lagu Ngajadi*, jeung Hadiah Sastra Samsodi pikeun buku *Béntang Hariring* taun 2016.

Lian ti aktif nulis, Dian gé aktif di Daya Mahasiswa Sunda, Caraka Sundanologi, Lembaga Basa jeung Sastra Sunda, Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda, Pangauban Kawih Sunda, Paguyuban Tembang Sunda Cianjuran, Sidikklub Teater Bandung, jeung Dasentra.Kungsi jadi wartawan Métro Bandung (ayeuna Tribun Jabar) taun 2000-2003. Taun 2004 jadi rédaktur berita basa Sunda di TVRI. Taun 2005 pindah ka Bandung TV, jadi rédaktur, produser, jeung presenter; ngarangkep jadi rédaktur di majalah Manglé taun 2007. Jadi Ketua Déwan Kebudayaan Kabupatén Bandung 2020-2024. Ayeuna Dian mancén tugas jadi dosén di Program Studi Pendidikan Bahasa Daérah FPBS Universitas Pendidikan Indonésia.

Sumber: Novel *Sambang* karya Dian Héndrayana.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tabél data jeung kartu data digital. Dina tabél data eusina aya cutatan ngeunaan struktur carita novel, ajén moral, cutatan novel, jeung kode data. Sedengkeun dina kartu data digital eusina kumpulan data, cutatan, jeung analisis data.

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun tabél data. Tabél data dina ieu panalungtikan digambarkeun saperti di handap.

1) Tabél Data Struktural Novel

Tabél 3.1
Tabél Data Téma

No	Téma	Cutatan Novel	Kode Data
1.			

Tabél 3.2
Tabél Data Galur

No	Galur	Cutatan Novel	Kode Data
1.			

Tabél 3.3
Tabél Data Palaku jeung Watek

No	Palaku	Watek	Cutatan Novel	Kode Data
1.				

Tabél 3.4
Tabél Data Latar

No	Latar	Cutatan Novel	Kode Data
1.			

Tabél 3.5
Tabél Data Sarana Carita

No	Sarana Carita	Cutatan Novel	Kode Data
1.	Judul		
2.	Puseur Implengan		
3.	Gaya Basa		

2) Tabel Data Ajén Moral

Tabél 3.6
Tabél Data Ajén Moral

No	Ajén Moral	Cutatan Novel	Kode Data
1.	Moral Manusa ka Gusti (MMG)		
2.	Moral Manusa ka Dirina Sorangan (MMDS)		
3.	Moral Manusa ka Manusa Séjén (MMMS)		
4.	Moral Manusa ka Alam (MMA)		
5.	Moral Manusa ka Waktu (MMW)		
6.	Moral Manusa dina		

No	Ajén Moral	Cutatan Novel	Kode Data
	Ngudag Kasugemaan Lahiriah jeung Batintah (MMLB)		

3.4.1 Instrumén Ngolah Data

Instrumén ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun kartu data digital. Kartu data digital dina ieu panalungtikan digambarkeun saperti di handap.

1) Kartu Data Digital Struktural Novel

Tabél 3.7
Kartu Data Analisis Téma

Kode Data	:
Téma	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.8
Kartu Data Galur

Kode Data	:
Galur	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.9
Kartu Data Palaku jeung Watek

Kode Data	:
Palaku	:
Watek	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.10
Kartu Data Latar

Kode Data	:
Latar	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.11
Kartu Data Judul

Kode Data	:
Judul	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.12
Kartu Data Puseur Implengan

Kode Data	:
Puseur Implengan	:
Cutatan	:
Analisis	:

2) Kartu Data Digital Ajén Moral

Tabél 3.13
Kartu Data Analisis Ajén Moral

Kode Data	:
Ajén Moral	:
Cutatan	:
Analisis	:

Katerangan:

Conto Kode Data : **S/É1/T/KC1**
 S : Novel *Sambang*
 É : Épisode
 T : Téma
 G : Galur
 LT : Latar Tempat
 LW : Latar Waktu
 LS : Latar Sosial

P	: Palaku/Tokoh
J	: Judul
PI	: Puseur Implengan
GB	: Gaya Basa
MMG	: Moral Manusa ka Gusti
MMDS	: Moral Manusa ka Dirina Sorangan
MMMS	: Moral Manusa ka Manusa Séjén
MMA	: Moral Manusa ka Alam
MMW	: Moral Manusa ka Waktu
MMLB	: Moral Manusa dina Ngudag Kasugemaan Lahiriah jeung Batiniah

3.4 Téhnik Panalungtikan

Saacan kana ngumpulkeun data, aya sababaraha hal nu kudu ditataharkeun, nyaéta sumber data nu jadi puseur panalungtikan, nangtukeun masalah, judul, tur raraga panalungtikan. Satuluyna maca sagemblengna eusi novel nu rék dipedar kalawan ditandaan rupaning hal nu dianggap perlu. Sanggeus kitu, laju kana analisa ajén moral naon waé anu aya dina éta novel. Tahap pamungkas nyaéta nyindekkeun tur medar sagemblengna hasil panalungtikan dina wangun laporan.

3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka. Studi pustaka mangrupa sagala unsur nu dilakukeun ku panalungtik pikeun nyangking sagala rupa informasi nu rélévan tur bisa nambahan réferénsi. Saacan ngumpulkeun data, panalungtik néangan data-data jeung sumber informasi anu bisa ngarojong kana ieu panalungtikan. Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data téh nya éta 1) maca novelna sacara taliti; 2) nyirian unsur-unsur anu asup kana struktur carita nurutkeun Robert Stanton jeung ajén moral nurutkeun Warnaén spk.; jeung 3) méré kode kana data-data nu kapanggih tuluy diasupkeun kana tabél data.

3.4.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data kakumpulkeun tuluy diolah maké téhnik déskriptif pikeun nyangking jawaban tina masalah anu ditalungtik. Anapon instrumén anu dipaké pikeun ngolah datana nyaéta maké kartu data digital.

3.4.2.1 Téhnik Analisis Struktur

Struktur novel dianalisis ngagunakeun tiori Robert Stanton (2007, kc. 20-74) nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita. Ieu di handap léngkah-léngkahna.

- 1) Niténan deui data anu geus kakumpulkeun dina kartu data digital.
- 2) Data dipasing-pasing dumasar kana struktur carita novel (téma, fakta carita, jeung sarana carita).
- 3) Ngadéskripsikeun hasil data anu geus dipasing-pasing.
- 4) Nyieun kacindekan tina hasil analisis data.

3.4.2.2 Téhnik Analisis Ajén Moral

Sabada nganalisis struktural novel, anu satuluyna dianalisis nyaéta ajén moral anu aya dina novel *Sambang* karya Dian Héndrayana. Analisis ajén moral dina ieu panalungtikan ngagunakeun tiori ajén moral Warnaén spk. dina Sudaryat (2015, kc. 126-127). Tiori ajén moral anu dipasing-pasing jadi genep, nyaéta moral manusa ka Gusti/Pangéran, moral manusa ka dirina sorangan, moral manusa ka manusa séjén, moral manusa ka alam, moral manusa ka waktu, jeung moral manusa dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung batiniah. Ieu di handap léngkah-léngkahna.

- 1) Niténan deui kana data nu geus kakumpul dina kartu data.
- 2) Data dipasing-pasing dumasar kana ajén moral nurutkeun Warnaén spk. (moral manusa ka Gusti, moral manusa ka dirina sorangan, moral manusa ka manusa séjén, moral manusa ka alam, moral manusa ka waktu, jeung moral manusa dina ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batiniah).
- 3) Ngadéskripsikeun hasil data anu geus dipasing-pasing.
- 4) Nyieun kacindekan tina hasil analisis data.

3.5 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan dipaké pikeun ngumpulkeun data jeung ngajawab rumusan masalah. Dina ieu panalungtikan léngkah-léngkah nu dilaksanakeun nyaéta: 1) nangtukeun sumber data panalungtikan, nyaéta novel *Sambang* karya Dian Héndrayana; 2) nangtukeun rumusan masalah; 3) ngumpulkeun data ngaliwatan kajian pustaka anu bakal ngarojong kana ieu panalungtikan; 4) instrumén panalungtikan anu dipaké pikeun ngolah data nyaéta kartu data digital; 5) sabada diolah tuluy dianalisis maké tiori struktural jeung nganalisis ajén moral; jeung 7) hasil analisis dijieun laporan hasil panalungtikan.